

2010-


2011

TITLE I, PATI A: MANNYÈL

Lekòl Laflorid pou Moun Soud ak Avèg

Lekòl Primè Pou Moun Soud

Timoun



Pwofesè

Fanmiy

SÈKSYON I: ENFÒMASYON JENERAL, “OKENN TIMOUN PAP RET DÈYÈ”

Title I (ki te rele Chapit I nan ane 1981-1994) se pi gran pwogram èd federal pou lekòl elemantè ak segondè yo. Pwogram federal sa bay distri èskolè atravè tout peyi a fon monetè pou amelyore pèfòmans edikasyonèl etidyan ki nan lekòl kote nivo pòvrete a wo. Kòm FSDB se yon lekòl pansyon, tout elèv ki pase semenn yo nan kanpis lekòl la rantre nan kontaj pòvrete lekòl la, anplis elèv kap fè trajè ale vini lekòl la e ki elijib pou repa-midi gratis oubyen nan pri redui (selon Lwa Richard B. Russell pou Repa-midi nan Lekòl Nasyonal yo). Daprè kontaj pòvrete ki wo anpil nan FSDB a, tout lekòl ki gen timoun rete sou kanpis yo kalifye nan kritè pòvrete sa. Kòm FSDB itilize modèl lekòl nan tout entegralite I pou sèvis, chak etidyan ki fè pati lekòl Title I yo elijib pou pwogram sa a. Lòtaltènativ model asistans ki “sible” bay sèvis Title I an sèlman a elèv ki kalifye pou resevwa repa-midi gratis oubyen nan pri redui.

Yon Ti Istwa Sou Title I nan

Title I “Dekrè sou Elemantè ak Segondè “ a (ESEA) te vin tounen yon lwa premyèman nan lanne 1965 kòm yon pati nan lagè Prezidan Lyndon B. Johnson te deklare kont Pòvrete .

An **1981**, Kongrè a pase “Dekrè Konsolidasyon ak Amelyorasyon Edikasyon” (ECIA). Lalwa te chanje non pwogram sa a an “Chapit 1”.

Amandman “Amelyorasyon Lekòl Primè ak Segondè de Hawkins-Stafford” la restore an 1988 kèk nan règleman sou angajman paran ak administrasyon ke ECIA te elimine yo. Renouvèlman Otorizasyon an 1988 la te vize an menm tan plis fon nan zòn ki gen pi plis bezwen yo; li te kreye yon sèksyon apa pou timoun klas matènèl yo, epi li te ajoute anpil pwogram amelyorasyon ki egzijè entèvansyon leta nan pwogram ki an fayit. Lwa sa tap eseye tou mete yon lyen pi etwa ant pwogram Chapit I an ak pwogram lekòl regilye a, epi li tap ankouraje pou yo mete plis aksan sou travay ki mande kapasite pou rezone nan yon nivo pi wo, pito pase pwogram tradisyonèl yo ki kontinye ap mete aksan sou egzèsis debaz yo.

Pwogram sa te vin jwenn yon nouvo otorizasyon yon lòt fwa ankò an **1994** avèk “Dekrè Annou Rann Lekòl Amerika yo pi Miyò” a. Anplis non pwogram sa te chanje an “Title I”, lwa nouvo sa:

- te etabli prensip ke timoun Title I yo pral resevwa enstriksyon nan menm èstanda wo yo bay lòt elèv yo.
- te elimine demann federal pou teste a epi li te sèvi avèk menm èstanda ak jijman de valè yo mete pou lòt timoun nan menm eta a pou li evalye pèfòmans lekòl ak timoun Title I yo.
- te ofri pou li etann flèksibilite lekòl lokal yo a kondisyon ke yo aksepte pran tout responsablite rezilta yo
- te mete aksan sou devlopman pwofèsyonèl pou edikatè yo nan bi pou yo kapab ede aplike nouvo tèknik ki baze sou rechèch yo.
- te chanje fòmil alokasyon fon yo avèk èstanda elijiblite lekòl yo pou yo konsakre plis fon pou lekòl ki gen nivo pòvrete yo wo anpil.

Lòt re-otorizasyon ki te vini apre sa te gen pou tit: “Dekrè Èkselans Edikasyonèl pou tout timoun”, te parèt an 2000 sou Prezidan Clinton. Re-otorizasyon sa te santre sou “chanjman soutni” ki fè “mouvman edikasyonèl pou yon tan long la gen sans”. Kat prensip te gide pwojè nouvo re-otorizasyon sa: (1) monte èstanda wo nan chak saldeklas (2) amelyore kalite pwofèsè ak prensipal (3) ranfòse responsablite (4) asire ke tout timoun kapab aprann sèlman nan anviwònman ki sen, ki gen disiplin, ki pa mele ak dwòg, kote paran yo santi yo byenvini epi kontan patisipe.

Prezidan George W. Bush te siyen pakè re-otorizasyon pi nèt nou genyen la, “Okenn Timoun Pap Ret Dèyè 2001 an” (NCLB) 8 janvye 2002. Se refòm sa ki fè pi plis bale wouze nan ESEA a depi ke li te vin tounen yon lwa an 1965. Li redefini wòl federal nan edikasyon timoun nivo primè ak segondè yo (K-12) pou l ede fini ak diferans ki egziste nan reyisit ant elèv dezavantaje, minoritè yo avèk lòt kondisip klas yo. Li baze l sou kat prensip debaz: 1) responsablite pi djanm pou rezilta yo, 2) ogmantasyon fleksibilite ak kontwòl lokal yo 3) elajisman opsyon pou paran yo, 4) aksan ki dwe mete plis sou metòd ansèyman ki bay prèv ke lap mache.

Title I, Pati A gen yon bi pi enpòtan—Pou amelyore ansèyman ak aprantisaj timoun lekòl trè pòv yo. Pou rive atenn bi sa, Title I, Pati A a sipòte distri èskolè yo atravè fon gouvènman federal la bay, ke leta kontwòle ak distyribiye. Lekòl yo deside pou kont pa yo kòman yap depanse fon yo resevwa pou pwogram sa yo pandan yap mande dizon paran ak administrasyon nan pwosesis sa. Dizon paran yo dwe vin yon “konsiltasyon ki chaje ak sans” nan tout aspè pwogram Title I an epi li dwe fèt nan yon tan ki “apwopriye”.

SÈKSYON II: PATISIPASYON PARAN NAN TITLE I

Youn nan bi lwa Title I an se pou l kontinye mete aksan sou patisipasyon angaje paran yo. Sèksyon 1118 NCLB a pran dispozisyon ki reflekte tout prensip Dekrè a nan (1) jan li plase responsablite sou lekòl ak paran yo lè li pèmèt fanmiy yo gen aksè a enfòmasyon yo, (2) jan li kolèkte enfòmasyon sou pwogrè elèv la, (3) jan li enfòme paran yo sou kalifikasyon pwofesè ak parapwofesyonèl yo, epi (4) nan jan li founi opsyon chwa otantik pou paran ak fanmiy yo.

Sèksyon 1118 Dekrè NCLB a egzijè pou yo depanse yon pòsyon fon Title I an pou “ranfòse ak ankouraje” angajman efèktif paran yo. Men ki jan Lekòl Laflorid Pou Moun Soud ak Avèg (FSDB) la fè sa:

- li pèmèt paran yo jwenn enfòmasyon atravè
 - konvansyon Lekòl - Paran an
 - notifikasyon Paran “Right-to-Know” (Dwa-pou-Konnen) an
 - lèt yo voye lakay paran yo pou enfòme yo lè se pa yon pwofesè wòtman kalifye oswa se yon parapwofesyonèl kap anseye pitit li yo
 - bilten ki etabli Konèksyon ak Paran yo
 - adrès entènèt lekòl la, www.fsdb.k12.fl.us
 - Reyinyon Plan Edikasyonèl Endividyèl (IEP) la
 - Reyinyon ki fèt ak Gwoup Paran ki Manm Konsiltatif Title I nan
- li pèmèt Biwo Enfòmasyon Paran yo ofri aktivite pou paran yo
- li bay fon pou transpò lè gen aktivite pou paran yo
- li bay founiti ansanm ak materyèl pou elèv yo kab fè aktivite lakay yo

Pou plis enfòmasyon sou dispozisyon ki pran pou Angajman Paran selon Title I Pati A NCLB a, ale nan dokiman Asistans Tèknik la ki gen pou tit, “Dokiman Asistans Tèknik an Relasyon ak Angajman Paran nan Title I”, ke Depatman Edikasyon Laflorid te pibliye an fevriye 2006. Ou gen dwa twouve pi plis enfòmasyon ankò si ou ale nan adrès entènèt depatman Leta pou edikasyon, www.fldoe.org.

Nan FSDB, chak lekòl ki nan Title I gen yon gwoup Paran Manm Konsiltatif ki la pou ede ak planifikasyon pwogram nan, devlopman li, efikasite li ak evalyasyon li. Genyen 3 reprezantan pou chak lekòl. Non moun ki manm Konsiltatif nan Gwoup Paran Title I lekòl Elemantè Pou Moun Soud yo se:

- 1- Carmen Flores
- 2- Tracy Kutney
- 3- Helizabeth Hevia.

Notifikasyon pou Paran “Right-to-Know” (Dwa-pou-Konnen) an. Nan Lekòl Laflorid Pou moun ki Soud ak Avèg la, nou mete reyisit akademik elèv yo priyorite nimewo **en** nou. Silvouplè note ke w gen dwa, kòm paran elèv ki nan yon lekòl kap resevwa fon Title I, pou w mande enfòmasyon sila yo:

- Si wi ou non pwofesè elèv ou a satisfè kritè kalifikasyon pou sètifikasyon leta pou nivo klas ak matyè lap anseye a.
- Si wi ou non pwofesè a ap anseye sou kondisyon dijans ou byen avèk lòt èstati tanporè ki fè ke kritè kalifikasyon pou sètifikasyon leta a pa obsève.
- Sijè prensipal degre bakaloreya pwofesè a avèk tout lòt degre pwofesè a gradye ou pran diplòm, ansanm ak sijè etid sètifikasyon ak degre li.
- Si wi ou non se parapwofèsyonèl kap bay pitit ou a sèvis, epi si se sa, endike kalifikasyon yo

Yap voye yon notifikasyon ekri ba ou pou fè w konnen si pitit ou a nan yon klas ki gen yon pwofesè ki pa satisfè kritè wotman kalifye pou OKENN TIMOUN PAP RETE DEYE a. Si w genyen nenpòt kesyon sou enfòmasyon sa oubyen si w ta vle mennen ankèt pèsonnèl ou sou kalifikasyon pwofesè ak parapwofèsyonèl la, kontakte silvouplè asistan prensipal lekòl la, Heidi Jordan, nan 904-827-2521 oswa Jordanh@fsdb.k12.fl.us

Enfòmasyon sou paran ak sant Resous (PIRC)

Depatman Edikasyon Etazini an kreye premye PIRC yo an 1995 pou l founi paran ak lekòl yo ansanm ak òganizasyon ki gen enterè pou konprann kòman timoun devlope ak sa yo bezwen pou yo reyisi nan lekòl. Sant PIRC yo travay nan kolaborasyon etwat ak paran, edikatè ansanm ak òganizasyon kominotè yo pou ranfòse asosyasyon yo detèlètke timoun yo kapab rive atenn èstanda akademik ki trè wo. Dekrè edikasyon sou **OKENN TIMOUN PAP RET DÈYÈ** a egzije distri èskolè ki gen lekòl TITLE I yo pou yo bay paran yo enfòmasyon sou egzistans ak bi PIRC leta yo. Laflorid gen de (2) PIRC; Men enfòmasyon pou kontakte yo a anba :

1. [PIRC nan Family Network on Disabilities of Florida \(FND\)](#)

2735 Whitney Road
Clearwater, FL 33760
(800) 825- 5736
(727) 523-1130 (Pinellas County) (727) 523-8687 (Fax)

* Karyn Lindsay, Dirèktè
*Christine Stolz, Asistan Dirèktè

2. [PIRC nan University of South Florida \(USF\)](#)

University of South Florida
3500 E. Fletcher Ave., Suite 301
Tampa, FL 33613
Phone: (813) 974-5458
Fax: (813) 396-9925
Email: [Mari T. Fernandez](mailto:Mari.T.Fernandez)

SÈKSYON III: “PIAN POU ANGAJE PARAN” (PIP) NAN LEKÒL ELEMANTÈ POU MOUN SOUD

Prensipal- Rebecca Hilding
Asistan Prensipal- Heidi Jordan

Pou sipòte demach pou ranfòse reyisit akademik elèv yo, chak lekòl ki resevwa fonTitle I an dwe devlope ansanm yon plan d angajman paran avèk paran timoun kap patisipe yo. Tout pati ki enplike nan devlopman plan

sa dwe tonbe dakò ant yo; lè fini, yo dwe distribye l bay aksyon yo avèk tout paran, èstaf lekòl ansanm ak administratè yo. Chak dokiman règleman ki ekri sou angajman ou enplikasyon paran an kouvri enfòmasyon sèksyon 1118 (a)(2) Dekrè Edikasyon Primè ak Segondè (ESEA) a mande; Se menm règleman sa ki te vin re-otorize kòm OKENN TIMOUN PAP RET DÈYÈ (NCLB). Plan pou angajman paran sa etabli tout sa yon moun ta espere pou angaje paran yo kòm asosye nan edikasyon pitit yo, e li prezante aklè kouman chak lekòl pral aplike yon seri aktivite varye pou angajman paran yo. Plan a nivo lekòl sa yo pral fè yon sèl ak Plan Title I/ Amelyorasyon Lekòl tankou jan Sèksyon 1114 (b) (2) ESEA a mande.

Misyon Prensipal Angajman Paran pou Fanmiy moun Soud nan Klas Primè :

Rechèch konfime ke angajman paran gen yon trè grann enfluyans sou siksè timoun nan lekòl. Lè lekòl yo travay men nan lamen ak paran yo pou sipòte aprantisaj, timoun yo gen tandans pou yo reyisi non sèlman nan lekòl, men nan tout bagay nan lavi a. Nou ankouraje, Paran/ gadyen legal yo pou yo patisipe kòm asosye byen enfòme avèk pèsonnèl lekòl yo nan aplikasyon pwogram Title I pou lekòl yo amelyore pwogrè akademik elèv la pandan yap rann pèfomans lekòl la pi miyò tou. Lekòl Primè pou moun Soud yo kontan wè ak ankouraje sipò paran ak angajman yo pou amelyore pwogram akademik nou yo.

Konpozant Plan Angajman Paran an se:

1. Dekri kòman lekòl pral angaje paran yo nan yon manyèr òganize ak regilye pou planifye, revize ak amelyore pwogram Title I nan lekòl yo, avèk enplikasyon pou yo deside kòman yo pral itilize sa ki egzijibleman rezève pou aktivite paran yo suivan Sèksyon 1118(a)(3), 1114(b)(2), ak 1118(a)(92)(B)ESEA a

Repons: Kowòdnatè sibvansyon Title I an ansanm ak prensipal, asistan prensipal lekòl ak Title I an, reyini “Gwoup Paran Manm Konsiltatif Pou Title I” chak mwa Out anvan lanne èskolè a kòmanse. Reprèzantan sa yo- chak lekòl Title I voye twa- rankontre regilyèman nan reyinyon pou yo devlope, rewè/revize ak evalye tout plan Title I nan ak pwogramasyon yo. Ekip paran Title I sa yo rankontre omwens 5 fwa pa ane. 1% yo mete akote pou angajman paran an te adrèsè èspesifikman nan Reyinyon Paran Manm konsiltatif Title I ki fèt an janvyè. Planifikasyon byen bonnè nan sa yo rezève a pèmèt revizyon, -- sou demann paran yo—anvan yo ekri sibvansyon jen an.

2. Dekri kòman lekòl pral kowòdne ak entegre pwogram ak aktivite angajman paran yo ki anseye paran yo kòman pou yo ede timoun lakay yo nan tout pwen ki fezab e ki apwopriye dapre Sèksyon 1118(e)(4)ESEA a.

Repons: Pwofesè nan lekòl Primè pou moun soud yo gen obligasyon pou voye chak semenn lakay timoun yo yon bilten nouvel enfòmasyon ki bay souvan konsèy sou kòman pou etann aprantisaj sèten tèknik ak konsèp espesyal anndan kay moun. Pou 2010-2011 la, Gwoup Paran Manm Konsiltatif Pou Title deziyen yon pati nan sa k rezève pou angajman paran yo pou materyèl anrichisman kap sèvi lakay. Gen posiblite pou ajoute liv bwoche oswa materyèl matematik tou; lontan yo te konn voye lakay moun yo ti sak ki genyen atik pou mat avèk manipilatif e nou aprann ke fanmiy ki patisipe nan Title I te konn itilize ak renmen yo anpil. Pwofesè saldeklas ak asistan prensipal nan chak lekòl pral chwazi materyèl anrichisman sa yo, epi Dirèktè Sèvis Envantè a pral ede ranpli papyè tankou rekizisyon pou plase komann yo. Yo pral fè efò pou pase lakay fanmiy yo pou kolèkte materyèl sa yo apre vakans ete a pou yo gen tan resikle e pèmèt lòt fanmiy itilize yo tou. Finalman, Biwo Pou Enfòmasyon Paran an ap amennaje seminè antrènman tipik omwen 4 a 5 fwa nan yon lanne sou yon bann seri topik avèk bi espesifik pou bay kapasite paran yo plis jarèt. Seminè antrènman sa yo pral bay enfòmasyon sou kòman paran yo kap ede timoun yo lakay yo; pa egzanp, nan mwa me 2008 la, komite lyèzon ak paran yo te envite espesyalis nan Lektè ki sou kanpis la pou yo te amennaje yon seminè pou adrèsè kòman paran yo kapab mennen bon jan kalite aktivite pou li ak ekri anndan lakay yo pandan tout sezon ete a. Alafen chak lanne èskolè, anpil enfòmasyon tankou sila yo al lakay moun yo, avèk dènye kannè a, ki ofri paran yo kantite resous ak lide pou aktivite anrichisman nan sezon ete a.

3. Dekri etap espesifik lekòl yo ap pran pou mete sou pye yon reyinyon anyyèl ki pral enfòmè, paran timoun kap patisipe yo, sou pwogram Title I an, nati Title I an (pou tout lekòl yo oswa pou asistans yo vle touche a), pwogrè anyyèl adekwa, chwa lekòl, Sèvis Edikasyonnel Sipleman, ak dwa paran yo. Ajoute dat ki pwograme yo ak moun ki responsab la, ansanm ak evidans lekòl la pral itilize pou l montre efikasite aktivite a (Sa mande tout kritè kalifikasyon an jeneral dapre Sèksyon 1118(c)(1)ESEA a).

Repons: Kowòdnatè Title I an, atravè kolaborasyon l ak Biwo Pou Enfòmè Paran ki sou kanpis la, Atelye Enprimri a, ak Webmaster (dirèktè rezo entènèt) la, asire l yo mete a dispozisyon paran Title I yo enfòmasyon ki gen rapò ak tout sa k di anvan yo atravè 3 kanal prensipal:

- Yo prepare “Mannyèl Title I” an pou chak lekòl nan Enprimri kanpis la epi yo voye l bay paran yo premye oktòb chak lanne èskolè; mannyèl sa gen tout plan Title I yo ak notifikasyon pou dwa paran yo tankou enfòmasyon d kontak pou PIRC leta yo.
- Sit entènèt FSDB, www.fsdb.k12.fl.us la gen ladan l enfòmasyon sa, menm jan tou pou espesifik ki gen rapò ak opsyon pou chwazi lekòl pa egzanp lis obligatwa ki bay ajans founisè SES yo.
- Bilten enfòmasyon pou paran ki soti nan Sèvis Konnèksyon ak Paran yo enprime tout notifikasyon sou dwa paran – tankou dwa paran an pou l konnen kalifikasyon pwofesè ak parapwofèsyonnel yo --menm jan tou moso limyè ki dwe bay detanzantan sou aktivite ki fèt ak lajan sibvansyon yo.

Paran nan lekòl elementè ti moun soud yo rete enfòmè sou AYP pa kannal lèt Distri ki bezwen Pwogrè yo voye chak mwa out sou demann fòmèl leta. Genyen tou yon Rapò Lekòl anyyèl ki enkli enfòmasyon AYP yo an plis lòt enfòmasyon yo mande. Pandan dèzanne, travay sa te fèt avèk yon ti liv yo te konn voye bay tout paran yo pa mwayen lapòs. Diran kèk lanne k pase, yon kopi elektwonik rapò sa te disponib avèk sit entènèt FSDB a ki konnèkte avèk lòt enfòmasyon sou sit entènèt Depatman Edikasyon l a Florid. Reyaksyon paran yo fè nan mitin ekip paran Title I an pèmèt nou detèmine efikasite aktivite sa yo. Pou Even Start, Head Start, Early Reading First, ak lòt pwogram pre-eskolè—elèv kap resevwa sèvis nan FSDB e ki gen bon jan pwoblèm defisite pou yo tandè ak wè pa twouve sèvis nan pwogram pre-eskolè a pou bagay kon sa. Sepandan, jefò pou lonje men bay nan fòm vizit edikasyonnel ki fèt lakay moun yo rive pase atravè Depatman Pwopagann Kanpis la.

4. Dekri kòman lekòl pral ofri yon kantite rankont flèksib, tètke reyinyon nan maten oubyen leswa ak kòman li kapab founi avèk lajan fon Title I an sèvis tankou child care (swen pou timoun), transpò, oswa vizit lakay kòm yo souliyen l nan Sèksyon 1118(c)(2) ESEA a.

Repons: Reyinyon gwoup Paran Manm Konsiltatif nan Title I an pral fèt nan lè ak jou ki diferan pandan lanne èskolè a pou yo kapab ankouraje prezans paran yo ki gen divès lè travay ak orè ki pèsonnèl. Nou dwe ajoute ke anplis, sibvansyon Title I an ranbouse lajan paran lekòl Title I yo depanse pou yo vwayaje ale nan mitin FSDB oswa pou yo patisipe nan lòt aktivite kap bay kapasite paran yo plis jarèt. “Depans vwayaj” yo (dapre eksplikasyon ajans leta) kapab akseptè depans ki fèt pou manje, pou pri lotèl pa kantite lannuit ki pase, avèk depans pou gaz ki fèt.

5. Dekri kòman lekòl pral mete sou pye aktivite ki pral bay kapasite paran yo jarèt pou yo gen yon angajman paran ki fò, nan bi pou yo asire ke angajman paran an efikas epi pou yo sipòte asosyasyon ki fèt ant estaf lekòl, paran ak kominote pou ankouraje akonplisman akademik etidyan yo. Dekri aksyon lekòl la pral pran pou li pou li founi materyèl ak antrènman kap ede paran nan travay ak pitit yo pou pèmèt yon mwayen reyisit akademik, tout egzijans sa yo fèt nan Sèksyon 1118(e) ak Sèksyon 1118 (e)(2) ESEA a.

Repons: Mannyèl Title I yo, ki distribiye bay tout fanmiy Title I nan sezon otòn lanne èskolè a, ranfème “Konvansyon ant Elèv-Pwofesè–Paran.” Konvansyon sa drese èspesifikman lis responsablite elèv, paran ak pwofesè pran pou kontribiye nan reyisit akademik la.

Biwo Pou Enfòmè Paran an pral kontinye ofri menm aktivite ak antrènman sa yo pou paran yo tankou klas ASL(langaj siy yo) ak Braille; klas sa yo fasilite yon mètòd konpreyansyon ant paran e pitit yo epi li enplike paran an pi plis nan devwa yo (Diran tout lanne èskolè 2010-2011 la yo pral dispanse kou gratis Langaj Ameriken pou Siy atravè sit entènèt). Biwo Pou Enfòmè Paran an ap amennaje seminè antrènman tipik omwen 4 a 5 fwa nan yon lanne sou yon bann seri topik avèk bi espesifik pou bay kapasite paran yo plis jarèt. Seminè antrènman sa yo pral bay enfòmasyon sou kòman paran yo kap ede timoun yo lakay yo; pa egzanp, nan mwa me 2008 la, komite lyèzon ak paran yo te envite espesyalis nan Lèkti, ki sou kanpis la pou yo te amennaje yon seminè pou adrèse kòman paran yo kapab mennen bon jan kalite aktivite pou li ak ekri anndan lakay yo pandan tout sezon ete a.

Kowòdnatè sibvansyon Title I an ansanm ak prensipal e asistan prensipal lekòl ak Title I an, reyini “Gwoup Paran Manm Konsiltatif Pou Title I” chak mwa Out anvan lanne èskolè a kòmanse. Reprezantan sa yo- chak lekòl Title I voye twa- rankontre regilyèman nan reyinyon pou yo devlope, rewè/revize ak evalye tout plan Title I nan ak pwogramasyon yo. Sibvansyon Title I an ranbouse lajan paran lekòl Title I yo depanse pou yo vwayaje ale nan mitim FSDB oswa pou yo patisipe nan lòt aktivite kap bay kapasite paran yo plis jarèt. “Depans vwayaj” yo (dapre eksplikasyon ajans leta) kapab aksepte depans ki fèt pou manje, pou pri lotèl pa kantite lannuit ki pase, avèk depans pou gaz ki fèt. Kòm paran rete toupatou nan eta a, ranbousman sa trè enpòtan pou asire angajman paran yo. Pou 2010-2011 la, Gwoup Paran Manm Konsiltatif Pou Title deziyen yon pati nan sa k rezève pou angajman paran yo pou materyèl anrichisman kap sèvi lakay. Gen posiblite pou enkli liv bwoche oswa materyèl matematik tou; lontan yo te konn voye lakay moun yo ti sak ki genyen atik pou mat avèk manipilatif e nou aprann ke fanmiy ki patisipe nan Title I te konn itilize ak renmen yo anpil. Pwofesè saldeklas ak asistan prensipal nan chak lekòl pral chwazi materyèl anrichisman sa yo, epi Dirèktè Sèvis Envantè a pral ede ranpli papye tankou rekizisyon pou plase komann yo. Yo pral fè efò pou pase lakay fanmiy yo pou kolèkte materyèl sa yo apre vakans ete a pou yo gen tan resikle e pèmèt lòt fanmiy itilize yo tou.

Kowòdnatè IEP (Plan Edikasyonèl Endividyèl) Lekòl Elemantè pou timoun Soud yo pral fè yon gran efò pou I mentni yon gwo pousantay paran ki patisipe nan reyinyon IEP yo atravè kominikasyon abityèl li genyen ak fanmiy yo sou dat rankont IEP ki pral rive yo, sou diferan lè yo pwograme e kit re konvenab pou fanmiy yo epi sou mwayen kreyatif yap chèche pou yo kab mentni angajman sa (tankou itilizasyon tèknoloji pa egzanp) pou fanmiy ki gen pwoblèm peye transpò piske yo viv twò lwen kanpis la. Paran timoun kin an Lekòl Elemantè pou moun Soud la pral resevwa envitasyon lekòl la pou yo suiv plizyè aktivite kap fèt nan saldeklas kòm pyès teyat, lèkti awotwva, pwomnad poetic, asanble pou onnòre ekselans, ak seremonni pou rekonnèt talan espesyal yo. Pwofesè pral kominike atravè (konferans-paran-pwofesè, kouriyèl, apèl telefonnik, konferans ki fèt nan videyo, etc) ak chak grenn paran twa fwa ominimòm pa ane pou enfòmè fanmiy sa sou pwogrè elèv la, evènman ki rive, ajisteman kap fèt nan FSDB ak tout lòt bagay kon sa. Yo pral adapte klas ki sou entènèt chak semenn ansuit yap pataje nouèl yo ap paran yo pou yo ka vin plis angaje ak enfòmè.

6. Dekri seyans antrènman lekòl la pral ofri pou li kapab edike pwofesè li yo, pèsonnèl kab bay elèv yo sèvis, prensipal yo ak tout lòt èstaf sou kòman pou yo travay ak paran tankou patnè egal ak sou valè ak itilite kontribisyon paran yo dapre Sèksyon 1118(e)(3)ESEA a.

Repons: Diran lanne èskolè 2010-2011la, sèvis lyèzon ak paran yo (ki soti nan Biwo Pou Enfòmè Paran yo) pral kolabore ak asistan prensipal ansanm ak kowòdnatè sibvansyon Title I an pou li ka bay èstaf Lekòl Elemantè moun Soud yo antrènman ki kouvri konsèp ki konstitiye eleman pwogram Lekòl Familyal yo. Seyans antrènman sa yo ap

fèt nan period tan ki pwograme regilyèman pou reyinyon èstaf la epi parapwofèsyonnel yo ap la tou. Kowòdnatè Title I nan pral bay tout èstaf kap patisipe yo yon fèy sondaj kontinyasyon pou evalye efikasite pati antrènman sa.

7. Dekri lòt aktivite yo tèlke sant resous pou paran yo, lekòl la pral pran an chaj pou li ankouraje ak sipòte paran pou patisipasyon nan edikasyon pitit yo dapre Sèksyon 1118(e) (4) ESEA a...

Repons: Kòm nou te di l déj, Biwo Pou Enfòmasyon Paran nan Kanpis la aji tankou yon veritab sant resous pou FSDB yo. Èstaf ki nan Biwo a desèvi yon libreri kap prete liv, kowòdone klas "Braille" ak Langaj Ameriken pou Siy pou amelyore ladrès paran yo, epi amennaje yon seri seminè pou paran kap chèche ba yo plis kapasite. Sèvis lyèzon ak paran yo ranpli fèy aplikasyon ofisyèl yo tou pou pèmèt yo ranbouse paran yo depans yo fè pou yo vin sou kanpis la nan seyans antrènman, nan klas oswa nan aktivite ki kap ranfòse kapasite yo.

8. Dekri kòman lekòl yo pral bay paran timoun ki patisipe yo deskripsyon ak eksplikasyon plan pwogram ki nan lekòl la, fòm evalyasyon akademik yo itilize pou mezire progrè elèv la, epi tout nivo konpetans elèv la dwe konplete dapre Sèksyon 1118 (c)(4) (C)

Repons: Asistan Prensipal Lekòl Elemantè pou Moun Soud yo pral amennaje yon reyinyon ak paran, kap fèt jou Enskripsyon an pou l kapab pèmèt plis angajman paran yo. Bi rankont sa se pou revizyon plan pwogram nan, eksplike kalandriye evalyasyon distri a ak lòt evalyasyon ki pral fèt nan ane a ansanm ak bi evalyasyon sa yo, epi lap bay grann liy nivo konpetans yap atann elèv yo konplete nan chak gred. Te gen yon mitin ki te fèt kon sa lanne èskolè ki pase a epi paran yo te byen akeyi li. An plis sa, enfòmasyon sa te sikile nan reyinyon anyèl pou IEP yo, konferans ant paran ak pwofesè yo e diran tout lanne a jiskaske pwofesè klas la voye enfòmasyon an bay paran yo.

9. Dekri kòman lekòl la pral ofri tout opòtinite pou patisipasyon nan aktivite angajman paran yo pou tout paran, san bliye sa yo ki gen konnesans limite nan Angle, sa ki enfim yo avèk timoun ki emigre yo. Montre kòman lekòl planifye pou l bay enfòmasyon sou pwogram lekòl ak paran yo, mitin, rapò, epi lòt aktivite kap prezante nan yon sèl fòm, sètadi yon langaj tout moun kap konprann ; Sèksyon 1118 (e)(5) ak (f) ESEA a fè egzijans tout bagay sa yo.

Repons: Kominikasyon lekòl yo pral vin jwenn paran ki gen konnesans limite ann Angle yo nan tradiksyon ki ekri nan lang natirèl yo o posib; Yap mete vèsyon an gwo ekriti ak an Braille pou kominikasyon alekri yo a dispozisyon nenpòt paran ki ta bezwen yo selon koutwazi Sant prodiksyon Braille la. An plis tradiksyon materyèl alekri yo, entèprèt langaj siy yo, e/ ou tradiktè nan lang Panyòl pral vin suiv mitin "Gwoup Paran Manm Konsiltatif" Title I yo (ansanm ak lòt reyinyon paran) avèk atelye travay/seyans antrènman pou yo kap bay sèvis sa yo depi gen bezwen. Soutit, langaj siy, avèk entèpretasyon an Panyòl ap disponib tou pou reyinyon paran ki retransmèt sou entènèt.

Title I, pati A

- Fon Title I ap itilize pou nourri ak ankouraje lide pou yon angajman paran ki efikas ansanm avèk akonplisman elèv la nan jan sa yo:
- opòtinite pou paran ka resevwa antrènman yo ke Biwo Enfòmasyon Pou Paran finance;
- Ranbousman frè lekòl pou paran kap chèche pran Kou ASL la nan yon fason pou ran kominikasyon ak pitit yo ki soud/ oswa ki gen zòrèy di
- materyèl ki disponib pou paran nan nenpòt ki lang

Fon Title I an, an jeneral, founi chak ane yon sèvis antrènman dekalite pou èstaf la, ansuit fon ki soti nan Lwa Rekouvreman an te bay lòt opòtinite pou èstaf la antrène nan kèk topik tankou ASL, Bridge to English (Pon pou Angle), Asistive Technology (tèknoloji dasistans), Phonics (Son pou mo) ak Itilize Manipilativ Mat nan yon saldeklas . Klas denstriksyon Title I sa yo ap fèt tout lanne a epi anpil pwofesè nan Fakilte lekòl elemantè pou moun soud yo te vini ladan. Pwofesè yo te aksepte sijèsyon ki te fèt pou yo ajoute lòt klas adisyonnèl. Yo pral sèvi ak sijèsyon sa yo pou planifye sou nouvo klas ki pral kreye tankou analiz redaksyon elèv ki soud yo fè. Yo achte anpil selèksyon li v lekti nèf pou Bibliyotèk Depatman Moun Soud la.

SÈKSİYON IV: PLAN PWOGRÈ LEKÒL & TITLE I POU LEKÒL PRIMÈ MOUN SOUD YO

Kowòdinasyon ak Entegrasyon-Lekòl Title I yo Sèlman

Tout “Plan Amelyorasyon Lekòl” nan Sèksiyon Primè pou Moun Soud la fasil pou twouve ak sit entènèt Depatman Edikasyon LaFlorid nan www.fldoe.org

SÈKSİYON V: “KONVANSYON FANMIY-LEKÒL” SÈKSİYON ELEMANTÈ POU MOUN SOUD

Lekòl Elemantè pou Moun Soud nan Lekòl LaFlorid Pou Moun Soud ak Avèg, ansanm ak Paran timoun ki vin nan lekòl sa kap resevwa fon Title I yo, dakò pou konvansyon sa prezante aklè kòman paran, èstaf ak elèv pral antann yo sou responsablite yo genyen pou fè pwogrè akademik timoun yo vin pi wo.

Responsablite Pwofesè yo:

- Diskite objèktif anyèl ou vize ak elèv ansanm ak paran yo
- Dispanse enstriksyon de kalite ki baze sou “pi bon pratik ki genyen ” nan matyè akademik fondamantal yo
- Ofri yon atmosfè ki sen ak agreyab pou moun aprann
- Demontre ke tout elèv jwenn swen ak atansyon
- Voye bay Paran opinyon ak evalyasyon sou pwogrè akademik elèv la chak trimès.
- Chèche fè konsiltasyon ant fanmiy, elèv ak pwofesè depi bezwen an nesèsè
- Fè tan kap sèvi pou anseye ak aprann nan vin yon tan efikas
- Kominike souvan e regilyèman ak paran yo sou pwogram akademik ak aktivite yo.
- Toujou mete nan tèt ou ke elèv yo kapab vin aprann

Responsablite Paran yo:

- Kontwole si timoun nan al lekòl chak fwa sa posib
- Fè timoun nan byen repoze ak byen manje anvan ou voye l lekòl
- Li ak timoun nan liv lekòl la bay yo, epi asiste pitit ou ak devwa li dwe fè lakay
- Kontwole kantite lè timoun nan pase ap gade televizyon epi asire w ke tout sa lap gade yo apwopriye pou laj li.
- Ale nan konferans ki fèt pou paran ak pwofesè yo lè ou gen randevou
- Ankouraje yon atitud pozitif pou lekòl
- Li ti jounal enfòmasyon lekòl la ak lòt kominikasyon yo bay sou lekòl
- Ale nan reyinyon Konsèy Konsiltatif Paran (PAC) yo ak semine antrènman pou paran nan kanpis la toutan li posib, oubyen asiste mitim sa yo swa pa telefòn oubyen swa nan entènèt si konferans ap itilize tèknoloji
- Fè volontè pou ede pwogram pitit ou a depi Asistan Prensipal la dakò, tankou akonpanye nan vizit lwen lekòl, pote ti goute, asiste nan domenn edikasyon, devlopman konsèp, asistans pou pwojè sou demann espesifik pwofesè a
- Toujou mete nan tèt ou ke pitit ou a kapab vin aprann

Responsabilite Elèv la:

- Fè toutan yon trè bon travay – epi kwè ou kapab aprann
- Konplete tout devwa ki fèt nan klas ak lakay
- Vini lekòl ak materyèl nesèsè ki prepare w pou aprann

Suiv règleman lekòl ak klas ou
Montre ou respekte èstaf lekòl la, lòt etidyan ak pwopriyete lekòl la
konplete devwa Lèkti yo mande w pou fè lakay

**Puisse ou siyen konvansyon sa, tout moun ki patisipe ladan – elèv, paran,
pwofesè ak prensipal lekòl – dakò pou yo kenbe espwa nou gen pou Lanne
Èskolè2010- 2011 la:**

Siyati Elèv la _____ **Dat :** _____

Siyati Paran an _____ **Dat :** _____

Siyati Pwofesè a _____ **Dat :** _____

Siyati Direktè a _____ **Dat :** _____

**Paran: Lè oumenm ak pitit ou a fin siyen epi ekri dat nan liy pi wo yo,
silvoulè rache paj sa soti nan livrè Konvansyon an epi retounen l lekòl la
pou pèmèt pwofesè pitit ou a ak prensipal la siyen l. Destinasyon final la se
biwo Kowòdnatè Title I an, Christi Boortz nan Moore Hall.**

MÈSI POU ÈD OU!

